

Asheville Disaster Recovery Center Demenaje; Sant Tanporè ki disponib pou ede

Release Date: Oktòb 23, 2024

RALEIGH, N.C. – Sant Sekou pou Dezas nan (DRC, Disaster Recovery Center) at A.C. Reynolds High School nan Asheville pral fèmen 7 p.m., 24 oktòb pou pèmèt lekòl la ouvri epi pou elèv yo rekòmanse aprann. Yon nouvo sit fiks nan Konte Buncombe pral anonse byento.

Anplis de yon sit fiks, Sant Mobil Rekiperasyon pou Katastwòf (M-DRCs, Mobile Disaster Recovery Centers) ap ouvri ak premye a nan dat 24 oktòb pou bay sipò an pèsòn. Ou ka jwenn M-DRC yo nan kote sa yo ak lè fonksyone sa yo:

Swannanoa Fire Rescue - Stasyon Segondè Pnpye Bee Tree

510 Bee Tree Rd.

Swannanoa, NC 28778

Louvri: 24 – 27 oktòb, 8 a.m. – 7 p.m.

Pak Spò Konte Buncombe (Paking)

58 Apac Dr.

Asheville, NC 28806

Louvri: 28 – 31 oktòb, 8 a.m. – 5 p.m.



FEMA

Page 1 of 2

Yon Sant Rekiperasyon Dezas se yon gichèl-inik kote sivivan yo ka rankontre fas a fas ak reprezantan FEMA, aplike pou asistans FEMA, resevwa referans pou asistans lokal nan zòn yo, aplike ak Administrasyon Ti Biznis Etazini (SBA, U.S. Small Business Administration) pou prè katastwòf ki pa gen enterè ak plis ankò.

Sant yo deja louvri atravè zòn ki afekte nan Helene. Pou jwenn kote sant sa yo, ale sou fema.gov/drc oswa voye tèks “DRC” ak yon kòd postal nan 43362. Ou ka vizite nenpòt sant ouvè. Pa gen randevou ki nesèsè.?

Li enpòtan pou ale nan yon sant èd FEMA pou aplike. Fason ki pi rapid pou aplike se anliy sou DisasterAssistance.gov oswa via [FEMA app](#). Ou kapab rele tou 800-621-3362. Si w ap itilize yon sèvis relè, tankou videyo relè, telefòn kapsyone oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo ou pou sèvis sa.



FEMA

Page 2 of 2